

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan**


Lokasi panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 3 Lembang, ari subjék panalungtikanana nyaéta siswa kelas VII. Ku lantaran jumlah kelas VII aya salapan kelas, pikeun sumber data ditangtukeun kelas VII B, nu jumlah siswana aya 41 urang, 28 lalaki jeung 13 awéwé. Tina sumber data siswa dijaring data nu mangrupa karangan éksposisi dina basa Sunda. Éta karangan éksposisi siswa téh dijadikeun sumber data pikeun nganalisis kamampuh siswa ngeunaan nuliskeun unsur serepan.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta rarancang, runtuyan, jeung stratégi invéstigasi salaku tungtunan atawa arahan ngeunaan eusi patalékan panalungtikan nu geus dijieun (Guba, 1984, dina Suharsaputra, 2012, kc. 194).

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha tahap, nyaéta 1) tahap tatahar: nangtukeun masalah panalungtikan, nangtukeun sumber data panalungtikan, nangtukeun métode jeung instrumén panalungtikan, konsultasi ka dosén pangaping, 2) tahap ngumpulkeun data: ngayakeun tés kamampuh ngagunakeun unsur serepan ngaliwatan tés karangan éksposisi, konsultasi ka dosén pangaping, 3) tahap ngolah data: mariksa hasil tés kamampuh siswa, ngadéskripsikeun hasil tés kamampuh siswa, nyindekkeun hasil kamampuh siswa, konsultasi ka dosén pangaping, 4) tahap nusun laporan: nyusun laporan panalungtikan dina wangun skripsi. Sangkan leuwih jéntré bakal ditataan dina bagan ieu di handap.

### Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



### 3.3. Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta hiji cara pikeun meunangkeun pangaweruh atawa jalan pikeun ngaréngsékeun pasualan nu disanghareupan, dilakukeun sacara ilmiah tur sistematis tur logis (Arikunto, 2010, kc. 203).

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta métode anu ngabogaan sifat nétélakeun, nganalisis, jeung

ngaplikasikeun hasil tina ngumpulkeun, nyusun, jeung interpretasi data. Tujuan ngagunakeun métode déskriptif dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrupsikeun kamampuh maké unsur serepan nu dilakukeun ku siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang dina karangan éksposisi.

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta kamampuh maké unsur serepan dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014. Sangkan aya gambaran sarta teu salah tafsir ngeunaan éta judul, bakal didadarkeun wangenan-wangenan istilah nu aya dina ieu judul panalungtikan saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh nulis nyaéta kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang, kereteg haté, atawa informasi.
- (2) Unsur serepan nyaéta basa nu asalna tina basa séjén anu diserep jeung dipaké ku urang Sunda, boh tina basa daérah séjén, boh basa Indonesia, Sansekerta, Arab, Portugis, Belanda, Inggris, jeung basa kosta lianna.
- (3) Karangan éksposisi nyaéta karangan nu udaganna méré nyaho, ngajéntrékeun, mesék, jeung ngaruntuykeun hiji hal.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina KUBS LBSS (2007, kc. 291) disebutkeun yén instrumén téh asalna tina basa Walanda anu hartina pakakas atawa alat. Instrumén panalungtikan maksudna nya éta alat atawa pakakas anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, sacara harti leuwih tenget, lengkep, tur sistematis nu ahirna data leuwih gampang diolah.

Dina ieu panalungtikan, aya dua rupa instrumén panalungtikan nu digunakeun, nyaéta (1) lembaran tés, jeung (2) kartu data.

### 3.5.1 Lembaran Tés

Lembaran tés nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta lembaran tés ngarang éksposisi. Ieu di handap bisa diténan instrumén pikeun ngumpulkeun datana.

#### Pancén Nyieun Karangan Éksposisi

Jieun karangan éksposisi kalayan katangtuan nu bakal dijéntrékeun di handap!

1. Téma karangan : bébas
2. Panjang karangan : minimal 4 paragraf
3. Pigawé kalawan hadé sarta maké basa Sunda nu merenah.
4. Tulis ngaran, nomor absén jeung kelas di tempat nu geus disadiakeun.

### 3.5.2 Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngajaring data nuliskeun kecap serepan tina karangan siswa. Dina kartu data aya informasi ngeunaan (1) alfabét, (2) kecap serepan, (3) sumber karangan, (4) kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung (5) cara nuliskeun unsur serepan nu bener.

**Tabél 3.1**

**Conto Instrumén Kartu Data**

Kode Siswa: 01
Kecap serepan: Modern
Wangun nu salah: Modern (K01/1/2/15)
Kuduna: Modéren
Catetan :

**Keterangan:** K01/1/2/15: Karangan tina kode siswa nomer 01, pada ka-1, kalimah ka-2, jeung kecap ka- 15

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik tés dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa karangan éksposisi siswa. Tés nu ditugaskeun nyaéta tés ngarang éksposisi ka siswa kelas VII SMP Negeri 3 Lembang.

Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah kieu.

- 1) Nepungan guru basa Sunda di sakola pikeun ménta idin asup ka kelas
- 2) Nerangkeun tugas siswa pikeun ngarang éksposisi
- 3) Ngalaksanakeun tés ngarang éksposisi
- 4) Ngumpulkeun hasil karangan
- 5) Mariksa hasil karangan éksposisi siswa
- 6) Nyirian kecap serepan dina karangan siswa
- 7) Nyatet unsur serepan kana kartu data kalawan dibéré kode.

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngolah data nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Unsur nu dianalisis nyaéta unsur serepan katut cara nulisna. Dina ngolah data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun
- 2) Ngaruntuykeun data unsur serepan sacara alfabétis
- 3) Méré nomer kode data saperti (001), (002), jst
- 4) Nyieun papasingan kasalahan nuliskeun unsur serepan
- 5) Ngitung unsur serepan jeung kasalahan ngalarapkeun unsur serepan. Ari cara ngitungna nyaéta:

$$Lnus = \frac{x}{y} x 100$$

$x$  = jumlah nuliskeun unsur serepan anu bener

$y$  = jumlah unsur serepan anu dipaké

$Lnus$  = perséntase larapna nuliskeun unsur serepan

- 6) Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan
- 7) Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.